



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA KI REGLEMANTE EVALYASYON TÈ AGRIKÒL A 2 POUSAN PA ANE

Nouvo Lwa pral fè Kiltivatè yo Ekonomize Plizyè Milye Dola nan Ogmantasyon Taks sou Pwopriyete Chak Ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodia yon lwa pou l plafone evalyasyon tè agrikòl yo a de pousan pa ane, asire yon klima taks ki pi previzib pou sektè agrikòl solid New York la. Makonnen avèk plafon taks sou pwopriyete de pousan Gouvènè a, lwa istorik sa a pral kenbe kiltivatè yo sou tè yo ak ede yo re-investi nan operasyon yo.

“Pwoteje kiltivatè nou yo nan ogmantasyon taks ki pa dirab se yon pati nan travay pou chanje repitasyon eta nou an kòm kapital taks peyi a nan kontwole depans pandan n ap redwi chaj taks la sou rezidan New York yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Agrikilti se yon gwo biznis nan New York ak nan gouvènman Eta nou an se angajman pou fè tout sa nou kapab pou ede endistri enpòtan sa pwospere ak kontinye kreye travay ak pwosperite ekonomik, patikilyèman upstate. Nouvo lwa sa a se yon gwo egzanp de kijan nou soti lwen epi li pral ede asire ke tè agrikòl yo rete nan men fanmi k ap travay di yo pou jenerasyon k ap vini yo.”

Pandan dènye sèt ane ki sot pase yo, valè evalyasyon debaz pou tè agrikòl yo te preske double, sa ki te mennen a yon flanbe nan ogmantasyon taks sou pwopriyete yo. Sa a, te makonnen avèk ogmantasyon taks minisipal ak lekòl, te mennen a yon klima biznis difisil pou kèk kiltivatè. Anvansa, chanjman anyèl nan evalyasyon valè pwopriyete agrikòl debaz pa t kapab depase di pousan. Nouvo lwa Gouvènè a siyen an bay yon ogmasyon evalyasyon anyèl ki pa depase de pousan, sa ki pral ede kenbe tè agrikòl yo nan toulède zòn devlopman wo presyon yo ansanm avèk zòn riral yo, ak fè kiltivatè yo ekonomize plizyè milye dola nan taks sou pwopriyete chak ane.

Komisè Agrikilti Entèrimè Eta James B. Bays, te deklare “Plafon evalyasyon anyèl yo a de pousan pral ede biznis agrikilti a rete solid pandan l ap asire ke tè agrikòl k ap travay yo ap rete nan pwodiksyon. Lwa bon sans sa ke Gouvènè Cuomo siyen an pral benefisye grandman fanmi kiltivatè New York k ap travay di yo epi nou apresye sipò kontinyèl Gouvènè a pou endistri nou an.”

Senatè Patty Ritchie, prezidan Komite Agrikilti nan Sena, te deklare, “Li ale san yo pa di ke agrikilti se vas biznis entansif avèk youn nan depans prensipal pou kiltivatè yo se taks sou tè yo ap itilize a. Lè yo adopte

Haitian Creole

plafon 2 pousan sa a, n ap ofri a kiltivatè nou yo — keseswa yo fenk kòmanse oswa se yon ansyen tradisyon jenerasyon fanmi—avèk soulajman yo bezwen pou kontinye grandi non sèlman biznis yo, men tou pigwo biznis New York tankou yon ansanm.”

Asanble gason Bill Magee, Prezidan Komite Agrikilti te deklare, “Lè li syen lwa sa a Gouvènè Cuomo pwove angajman l pou ankouraje ak devlope opòtinite agrikilti pou tout rejyon New York la. Lè li adrese ogmantasyon taks sou pwopriyete, ansanm avèk elaji resous yo pou kwasans ak devlopman atravè lòt inisyativ yo, Gouvènè a ap bay kiltivatè New York yo soulajman nan depans biznis opresif ki pral ede kenbe biznis agrikòl famiyal yo fonksyone nan New York.”

Dean Norton, Prezidan Biwo Agrikòl New York, te deklare, “Mete yon fren nan ogmantasyon evalyasyon tè agrikòl montre angajman Gouvènè a pou ede kontwole chaj lou pwopriyete taks kiltivatè yo ap pote. Biwo agrikòl New York trè fyè pou l travay avèk Gouvènè a sou pwoblèm priyorite sa pou kominote agrikòl la. Gouvènè Cuomo se pi bon zanmi nou lè li kesyon de refòm evalyasyon agrikòl epi Mwen apresye angajman kontinyèl ak lidèchip li nan ede agrikilti New York grandi.”

Aktyèlman, 25 pousan tè New York nan agrikilti. Taks elve sou pwopriyete tè agrikòl yo te mete New York nan yon dezavantaj konpetitif avèk lòt eta yo. Yon plafon anyèl de pousan nan ogmantasyon evalyasyon anyèl pral kenbe fanmi agrikòl New York yo konpetitif ak kenbe rezo manje lokal de kalite ke konsamatè Eta ap atann.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418